



BILTEN ENF MASYON


DEFANS NASYONAL/BON MONETÈ POU AMELYORASYON KATYE YO



Le 13 Novanm tout votè yo ap gen yon opòtinite pou chanje fiti Vil nou an. Jou sa a, Vil Miami a ap prezante yon kesyon sou bilten vòt la pou yon Bon Monetè de \$255 milyon dolà pou amelyorasyon katye yo e pou sirte rezidan nou yo!

Tout katye yo ap benefisyé de lajan sa a san yo pa ogmante enpò ki déjà etabli yo!

MEN KI JAN YO PRAL DISTRIBIYÈ \$255 MILYON DOLÀ BON MONETÈ SA A:



* Pap ginyin ogmantasyon nara to empò ki déjà etabli


Si nou apwouve bon monetè sa a men sa nap jwenn:

SIRTE PIBLIK – \$31 Milyon

- Inisyativ Pou Preparasyon Pou Defans Nasional** – Pwojè sa pral bay tout ekipman ki nesesè pou idantifikasyon ak entediksyon menas, lap bay sekourè yo tou ekipman de pwoteksyon ak ekipman espesyalizè pou konbat menas yo.
- Sant Fòmasyon ak Estasyon Pompye Katye** – Pwojè sa ap konstrui de nouvò estasyon pompye (nan zòn Coral Way ak Upper Eastside) epi tou lap pèmèt nou repare yon twazyèm. Yap konstrui tou yon nouvò Sant Fòmasyon pou lè ta gen gwo degà nan zòn la
- Sant Fòmasyon Polis** – Pwojè sa a ap konstrui yon nouvò Sant Fòmasyon Polis pou bay rezidan nou yo bon jan sekirite

LAVI MIYÒ – \$38 Milyon

- Lavi miyò** – Pwojè sa rezèv \$5 Milyon pa Distri Komisyonè yo pou fè tout amelyorasyon ke kominotè a ta mande (kankou: twotwa, amelyorasyon wout yo, drenaj yo, etc....)
- Vèdi** – Pwojè sa a gen pou wè ak amelyorasyon tout vèdi Vil la
- Mize Syans** – Yap kontribiye lajan pou ede mizè an ak pwojè devlopman pou yon anplasman nan Bicentennial Park la
- Mizè Dàr Maritim** – Yap kontribiye lajan pou ede mizè an ak pwojè devlopman pou yon anplasman nan Bicentennial Park la
- Baryè Katye Yo** – Pwojè sa a ap bay lajan pou plase pannkat nan tout randre chak katye Vil la



LARI AK DRENAJ YO – \$54 Milyon

- Solisyon pou Inondansyon nan Flagami a** – Renouvele tout sistèm drenaj nan Flagami an ak kreye yon estasyon pomp pou elimine basen dlo
- Amelyorasyon Grand Avenue** – Agrandi twotwa yo, fè amelyorasyon nan ekleraj yo ansanm ak jaden ki sou rebò Grand Avenue a
- Amelyorasyon Model City** – Bay lajan pou amelyorasyon nan enfrikstrikti nesesè pou devlopman Zòn Pwopriyetè Model City
- Amelyorasyon Coral Way** – Rekonstrui lari a, amelyore ekleraj la ansanm ak jaden epi fè bél fasad nan tout mitan boulva Coral Way la
- Amelyorasyon Calle Ocho** – Rekonstrui lari a, amelyore ekleraj la ansanm ak jaden epi fè bél fasad nan tout Calle Ocho a
- Amelyorasyon N.E. 2zyèm Avni (de 26zyèm Street jiska 78yèm Street)** – se pou konstriksyon twotwa yuit pye lajè, nouvò kote pou travèse, amelyorasyon nan mitan lari a, pi bon ekleraj ansanm ak kab elektrik anba tè ak tout ekipman pou lari
- Amelyorasyon Design District/Overtwon, Wynwood, ak Koridò Little Haiti** – Pwojè sa a ap fè amelyorasyon wout yo ak replasman itilite yo ansanm ak fè bél fasad pou tout distri a
- Amelyorasyon Enfrakstrikti Anba la Vil (Downtown)** – Renouvele ak fè amelyorasyon twotwa yo, jaden yo, wout yo, ansanm ak kote pou travèse yo nan zòn anba la vil la

PLAS PIBLIK – \$127 Milyon

- Plas Piblik Little Haiti** – Acha ak konstriksyon apeprè 30 kawo tè plas piblik ansanm ak yon sant kominotè komplè
- Amelyorasyon Virginia Key Park** – Kreye yon zòn kote pou moun kab naje san danje, enstale 12 tonèl piknik, renouvele bildinn ki la déjà yo ansanm ak tout wout yo epi enstale nouvò jaden ak santye natirèl
- Amelyorasyon Bicentennial Park** – Retire ti mi pou kab wè dlo an pi byen, enstale yon santye 50 pye ak palmis, ekleraj ak ban yo, enstale plis jaden ak ekleraj epi fè renouvèlman komplè
- Agrandisman Jose Marti East Little Havana Park** – Acha ak devlopman tout tè an plis pou plas la
- Amelyorasyon Margaret Pace Park** – Fini ak konstriksyon tout faz ki sou plan konstriksyon achitèk la
- Developman Sant Spotif pou Foutbòl** – Acha teren ak devlopman sant spotif pou foutbòl
- Amelyorasyon Bè tout Vil la** – Pwojè sa a ap pèmèt stabilizasyon kòt plaj ansanm ak amelyorasyon mi yo ki nesesè nan tout vil la
- Renouvèlman Stadyum Maritim** – Renouvele ansanm ak fè amelyorasyon nan tout mi ki arebò lanmè a, pakinn stadyum la ak marina ki nan zòn stadyum la
- Acha ak Amelyorasyon Plas Piblik nan Katye yo** – Amelyorasyon nan tout vil la epi acha kawo tè pou konstriksyon plas piblik
- Renouvèlman ak Pwopte Fern Isle** – Retire epi jete tout fatra ki nan plas la, kreye yon nouvò zòn pou fatra epi agrandi plas piblik la
- Orange Bowl** – Renouvèlman

INISYATIV PREZÈVASYON ZÒN ISTORIK YO – \$5 Milyon

- Yap bay lajan pou prezèvasyon kèk bildinn istorik Miami yo
- Identifye e rekonnèt pwopriyete istorik yo kòm zòn ak distri istorik
- Rekonnèt Ditilite Piblik kòm istorik seten bildinn ak/oubyen distri
- Devlope pwogram pou ede mèt pwopriyete istorik yo